

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun tilu hal ieu di handap.

Kahiji, interférensinya ngawengku Interférensinya grafologi nu kapanggih tina data aya interférensinya grafologis tambahna foném anu jumlahna 23 kecap anu ngawengku tilu rupa, nyaéta tambahna foném di awal kecap (protésis) aya opat kecap, tambahan foném di tengah kecap (épéntésis) aya 14 kecap, jeung tambahan foném di tungtung kecap (paragoge) aya lima kecap.

Interférensinya grafologis leungitna foném data nu kapanggih aya 15 kecap ngawengku tilu rupa, nyaéta leungitna foném atawa engang di awal kecap (aférésis) aya tilu kecap, leungitna foném atawa engang di tengah kecap (sinkope) aya tujuh kecap, jeung leungitna foném atawa engang di tungtung kecap (apokope) aya lima kecap.

Interférensinya grafologis baganti nyoko kana interférensinya bagantina vokal atawa konsonan di awal, tengah, jeung ahir kecap. Tina analisis data kapanggih aya 53 kecap.

Interférensinya grafologis métatésis nyoko kana interférensinya anu matukeurkeun tempat foném dina jero kecap. Tina analisis data kapanggih aya genep kecap anu mangrupa interférensinya grafologis métatésis.

Interférensinya morfologis dibédakeun jadi opat rupa, nyaéta interférensinya morfologis asal aya tujuh kecap, interférensinya morfologis rundayan aya 119, interférensinya morfologis rajékan aya 15 kecap, jeung interférensinya morfologis kantétan aya 16 kecap. Jumlahna aya 157 kecap nu kaasup interférensinya morfologis.

Tina data kapanggih aya 70 interférensinya sintaksis frasa. Frasa atributif diwangun ku inti jeung atribut kapanggih aya 19 frasa, frasa inti jeung inti atawa frasa koordinatif aya 16 frasa, frasa apositif anu diwangun ku inti jeung aposisi aya 9 frasa. Frasa éksoséntris mangrupa frasa anu teu ngabogaan unsur inti boh kaasup rélatif kapanggih aya 26 frasa.

Kadua, Tina data kapanggih anu kaasup kana basa Jawa nyaéta interférénsi grafologi tambah foném aya tilu kecap, interférénsi fonologi leungit foném aya opat kecap, interférénsi fonologi baganti foném aya tilu kecap. Ari nu kaasup kana basa Indonésia tina interférénsi tambah foném aya 20 kecap, interférénsi fonologi leungit fonem aya 11 kecap, interférénsi baganti foném aya 50 kecap. Aya genep kecap anu kaasup kana Interférénsi Grafologis Métatésis mangrupa kasalahan siswa dina nuliskeun kecapna.

Interférénsi morfologis kecap asal dumasar kana data aya tilu kecap tina basa Indonesia. Ari kecap tina basa Jawa aya opat kecap. Ari jumlah data interférénsi morfologis kecap rundayan aya 119 kecap. Kapanggih aya 95 (80%) kecap nu kaasup basa Indonesia boh rarangkén boh kecapna, aya 19 (16%) kecap nu kaasup basa Sunda rarangkénna tapi kecapna basa Indonésia jeung 3 (2%) kecap nu kecapna kaasup kana basa Jawa, jeung aya 2 (2%) kecap tina basa asing anu ngagunakeun rarangkén basa Sunda.

Salian ti éta, tina 15 kecap rajékan anu kapanggih aya 14 kecap anu kaasup kana interférénsi basa Indonésia jeung sakecap anu kaasup intérénsi tina basa Jawa. Upama interférénsi kecap kantétan tina hasil analisis aya opat kecap anu kaasup kana kecap kantétan tina basa Jawa. Sedang kecap kantétan tina basa Indonésia kapanggih aya 13 kecap.

Interférénsi Sintaksis tina basa Jawa-Cirebon kapanggih tina frasa koordinatif aya safrasa. Ari interférénsi sintaksis klausa tina basa Jawa-Cirebon aya dua klausa. Interférénsi sintaksis frasa kapanggih aya 68 frasa anu dikategorikeun pangaruh tina basa Indonésia. Upama interférénsi sintaksis klausana mah katitén aya 54 klausa.

Katilu, salian ti hasil angkét nu dikumpulkeun ti kontributor anu ngagambarkeun kasang tukang kontributor nu réana ngagunakeun basa Indonésia. Kasalahan-kasalahan nu kapanggih boh tina grafologi atawa fonologi, gramatikal, jeung léksikal dilantarankeun kasang tukang siswa anu teu sakabéhna urang Sunda asli. Salian ti éta, ogé kapanggih tina sababaraha kalimah nu strukturna tina basa Indonésia jeung basa Jawa.

Upama dititénan kalawan gemet, aya sababaraha karangan babad siswa anu tina basa Indonesia. Éta karangan téh ditarjamahkeun kana basa Sunda

ngagunakeun mesin tarjamahan *online*. Ahirna hasil tarjamahan réa nu teu merenah boh kekecapan boh kalimah, réa paragraf anu teu kohéren, jeung basa loma nu teu digunakeun dina hiji paragraf.

5.2 Saran

Dina paparan jeung argumentasi anu ditétélakeun yén pangajaran nulis babad di tingkat SMA/SMK bisa leuwih ronjat upama dideudeul ku référénsi anu jinek sangkan siswa teu néangan référénsi tina basa Indonesia lantaran kudu aya proses narjamahkeun.

Pentingna basa daérah sangkan terus dimumulé kudu dirasakeun ku siswa. Siswa perlu kahudang kareueusna kana basa Sunda.

Pikeun lembaga panalungtikan basa perlu leuwih réa deui panalungtikan basa daérah.